

Konekte  
avèk timoun  
ou an...

# Ede m grandi!



Timoun ou an  
antre nan mond la  
pare pou l fòme  
relasyon.

Ou poze fondman devlopman  
sèvo ak aprantisaj pandan  
premye 3 zan nan lavi  
timoun ou an.



Yon relasyon ki baze sou  
konfyans avèk timoun  
ou an bati fondasyon  
pou bonjan entèaksyon  
avèk lòt moun.



MASSACHUSETTS  
Department of  
Early Education and Care

Sherri Killins, Ed.D., Komisè

Se Davis Publications, Worcester, MA  
ki prepare travay sa a.



Konsilтан Early Education (entèvansyon Bonè) yo:  
**Susan Etheredge**, Ed.D., Profesè ak Chèmann Edikasyon ak Etid

pou Timoun, Smith College, Northampton, MA

**Cathy Weisman Topal**, M.A.T. Pwofesè Etid Vizyèl, Konferansye  
ak Pwofesè Atistik ak nan Estidyo, Smith College,  
Northampton, MA

Se Melissa Iwai ki fè ilistrasyon yo

© 2011 Massachusetts Department of Early Education and Care

Haitian Creole

Li gen senk aspè ki enpòtan pou bonjan devlopman timoun ou an. Chache plis eksperyans sou aprantisaj ki pou sipòte timoun ou an nan paj ki vin apre yo nan **Massachusetts Early Learning Guidelines for Infants and Toddlers (Gid sa yo disponib sèlman nan lang anglè ak panyòl)**, yo ka telechaje yo nan sit entènèt Edikasyon ak Swen Bonè (Early Education and Care) a: [www.mass.gov/eec](http://www.mass.gov/eec)

# Bagay Ou Ka Fè ak Bebe W la

Aktivite pou developman Sosyo-Emosyonèl



## Fè Koneksyon

Itilize woutin chak jou yo kòm yon opòtinite pou konstui atachman.

**M knonnen w santi w tris, men Manmi ap tounen pou vin chache w. Li toujou retounen.**

## Bay Tan


Mete lè ak kote pou bebe w la kominike. **Gade — Jake ap souri avè w. L ap di "Alo!"**



## Remake

Obsève epi ofri mo ak esplikasyon pou konpòtman.

**Li fache paske w te pran jwèt li a.  
An nou remèt li l epi ann chache yon lòt pou ou.**



## Rekonèt


Li istwa senp epi pale konsènan santiman nan imaj yo.  
**Bebe sa a sanble l kirye konsènan ti chat la.**



## Kalme

Rete kalm pandan w ap swiv siyal timoun piti w la epi kenbe woutin yo.

**Mwen ka wè ou pare pou yon ti dòmi.**




## Reponn

Ede bebe w la devlope pwòp konsyans li. **Ou te jwenn refleksyon w nan! Se oumenm!**

# Bagay Ou Ka Fè Ak Jenn Timoun Ou an

Aktivite pou developman Sosyo-Emosyonèl



## Fè konfyans

Chache opòtinite pou bati relasyon ki base sou konfyans.

**Pwofesè w la te dim ou te prete  
José poupe w la jodi a.**



## Bay egzanz

Ba l egzanz epi ba li mo pou l jwe avèk jantiyès. **Mwen ba w bwat la kounye a paske se tou pa w.**



## Sipote

Bay eksperyans ki montre sipò kote jenn timoun ou an gen de bon chwa. **Èske w ta renmen dlo oswa lèt?**



## Eksprime

Montre w rekonèt reyakson timoun ou an nan aktivite oswa devan sitiayson.

**Ou si tèlman sanble w kontan! Ou dwe reyèlman renmen jwe nan dlo a.**



## Respekte

Ede jenn timoun ou an devlope yon sans pozitif de pwòp tèt li. **Mwen wè w ap eseye mete soulye nan pye w! Èske m ka ede w lache yo pou pye w ka antre anndan yo?**

